# Investiciyalarlıń nátiyjeliligi hám sırtqı sawda jumısı dodalandı

Image not found or type unknown

Prezident Shavkat Mirziyoev 12-yanvar kúni Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi hám Strategiyalıq rawajlanıw agentliginiń jumısın dodalaw boyınsha májilis ótkerdi.
Mámleketimizdegi turaqlılıq hám qolaylı investiciyalıq ortalıq nátiyjesinde sırtqı ekonomikalıq baylanıslar izbe-iz rawajlanbaqta. 2021-jılı jámi 10 milliard dollardan artıq, sonıń ishinde, 8 milliard 100 million dollar muǵdarında tikkeley sırt el investiciyası ózlestirilgen. Sonıń nátiyjesinde 318 iri hám 15 mıńnan aslam aymaqlıq joybarlar ámelge asırılıp, 273 mıńnan artıq jumıs ornı shólkemlestirilgen. Jańa kárxanalar jámi 1 milliard dollardan aslam eksport hám 530 million dollarlıq importtıń ornın toltırıw imkaniyatına iye.
Álbette, koronavirus pandemiyası elege shekem ekonomikalıq processlerge ayrıqsha tásir etpekte. Soǵan qaramastan, eksportta izbe-iz ósiwge erisilmekte. Atap aytqanda, 2020-jılı elimizde eksport muǵdarı 9 milliard dollardan asqan bolsa, 2021-jılı 12 milliard dollardı quraǵan. Itibarlı tárepi, onda tayar hám yarım tayar ónimlerdiń úlesi sezilerli dárejede kóbeygen.
Usı jılı 9 milliard 500 million dollardan aslam tikkeley sırt el investiciyaların ózlestiriw, 282 iri hám 9 mıńnan artıq aymaqlıq joybarlardı iske qosıw mólsherlengen. Eksport kólemin 14 milliard dollarǵa jetkeriw esap-sanaq etilgen.
Májiliste juwapkerler bul kórsetkishlerdi tarmaqlar hám aymaqlar kesiminde támiyinlew ilajları boyınsha málimleme berdi.
Mámleketimiz basshısı hár bir investiciyalıq joybardı turaqlı qadaǵalawǵa alıp, intakerlerge járdemlesiw hám óz waqtında iske qosıw boyınsha tapsırmalar berdi.
Turizm, medicina hám mashina qurılısı tarmaqları, aymaqlardan Qaraqalpaqstan Respublikası, Nawayı hám Xorezm wálayatlarında sırt el investiciyaların tartıw dárejesi tómen ekenligi kórsetip ótildi. Sonlıqtan olar boyınsha tapsırmalar berdi.

Image not found or type unknown

Prezidentimiz óndiristi hám sanaat kooperaciyasın rawajlandırıw máselesine ayrıqsha itibar qarattı. Jergilikli ónimlerdiń túrin kóbeytiw, bul boyınsha isbilermenlerdi qollap-quwtlaw hám xoshametlew boyınsha tapsırmalar berildi. Sonıń ishinde, elimizde islep

shıǵarılmaytuǵın tovarlardı ózlestirgen jergilikli kárxanalardıń ónimleri kepillikli túrde satıp alınadı. Bul pocesske hákim járdemshilerin de tartıw áhmiyetli ekeni aytıldı.
Xalıqtıń turmıs sapasına tikkeley tásir etetuǵın bilimlendiriw, medicina, suw támiynatı, jol hám basqa da infrastrukturalıq joybarlardı ámelge asırıwda ashıq-aydınlıqtı támiyinlew hám jámiyetlik qadaǵalawdı kúsheytiw zárúr ekenligi atap ótildi.
Densawlıqtı saqlaw tarawı, Aralboyı regionı ushın trast fondı sıyaqlı sociallıq áhmiyetli baǵdarlarǵa sırt el grantların tartıw zárúr ekenligi aytıldı.
Jáhán sawda shólkemine aǵza bolıw máselesine de toqtap ótildi.
Shavkat Mirziyoev Prezident saylawı aldınan xalıq penen ushırasıwlarda hár bir rayonda joybarlaw toparları hám xolding kompaniyalarınıń shólkemlestiriletuǵının aytqan edi.
Májiliste bul sistemanı engiziw boyınsha islenip atırǵan jumıslar da tanıstırıldı.
Mámleketimiz basshısı joybarlaw toparlarınıń qánigelerin bir sistema hám metodologiya tiykarında islewge oqıtıw kerek ekenligin atap ótti.
Májiliste eksport máselesi hár tárepleme tallandı. Bul baǵdardaǵı prognozlardı orınlaw ushın sanaatqa ayrıqsha itibar qaratıw, qosımsha imkaniyatlardı iske qosıw zárúr ekenligi atap ótildi.

Image not found or type unknown

Hámmemizge belgili, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 19-iyuldegi pármanına muwapıq, Strategiyalıq rawajlanıw agentligi shólkemlestirilgen edi. Bul Agentlikke investiciyalardı tartıw hám joybarlardı ámelge asırıwdıń strategilyaıq máselelerin úyreniw, investiciyalıq jumıstıń perspektivalı baǵdarların anıqlaw, xalıqaralıq tájiriybe tiykarında ekonomika tarmaqların reformalaw hám aymaqlardıń investiciyalıq potencialın arttırıw boyınsha usınıslar islep shıǵıw sıyaqlı kóplegen wazıypalar júklengen.
Májiliste bul Agentliktiń strukturası, usı kúnge shekem islegen jumısları hám bıyılǵı rejeler haqqında málimleme berildi.
Házirgi kúnde Agentlik basqarmaları qáliplestirilgen, olarǵa jetekshi sırt el universitetlerinde oqıǵan, intaker hám bilimli qániegeler jámlengen.
Agentliktiń bıyılǵı rejesi 18 áhmiyetli ilajdan ibarat. Investiciyalıq joybarlardı alǵa qoyıwdıń jańa mexanizmin engiziw, jasırın ekonomikanı qısqartıw arqalı investiciyalıq ortalıqtı jaqsılaw hám bul baǵdarda aymaqlar reytingin jolǵa qoyıw, intakerlerdiń sistemalı mashqalaların anıqlaw jáne sheshiw boyınsha onlayn platformanı iske qosıw, Jáhán banki menen birgelikte tikkeley sırt el investiciyaların tartıw strategiyasın islep shıǵıw solardıń qatarına kiredi.
– Bul Agentlik investiciya kólemin keńeytiw hám eksport potencialın arttırıwǵa tiykar jaratadı. Sonıń ushın, aymaqlar hám tarmaqlardı strategiyalıq rawajlandırıw boyınsha «jol kartası»n islep shıǵıw, oǵan sırt elden tájiriybeli qánigeler hám másláhátshilerdi de tartıw kerek,-dedi Shavkat Mirziyoev.

Strategiyalıq rawajlandırıw boyınsha metodologiya jaratıp, onı hár bir aymaq hám tarmaqta engiziw boyınsha anıq wazıypalar belgilep berildi.

ÓzA